

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 1.1 Kacindekan

Sakumaha nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun tiori struktural R. Stanton. Sabada dianalisis tur didéskripsikeun, éta struktur carita téh tuluy dibandingkeun. Ieu babandingan tangtuna miboga hasil sasaruuan jeung bébédaan.

Ngabandingkeun karya sastra nu anyar (novél) jeung sastra nu heubeul (transliterasi naskah) jadi hal nu matak ngirut panalungtik pikeun maluruh sajarah mana sasaruuan carita Perang Bubat ti baheula nepi ayeuna. Tangtuna waé dina karya sastra anyar mah pasti diréka sangkan carita matak ngirut nu maca. Tapi, transliterasi naskah ogé teu bisa dijadikeun sumber sajarah, lantaran nurutkeun sababaraha ahli, ieu transliterasi naskah téh geus kacampuran ku hal-hal fiksi.

Dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana, pangarang sacara tapis ngagambarkeun kumaha kahirupan urang Sunda harita. Situasi lingkungan jeung kahirupan sosial kagambar kalawan rinci. Sedengkeun dina carita fiksi *Mendung di Langit Bubat*, penceritaan leuwih nyoko ka pihak Majapait (Hayam Wuruk). Ku kituna dina ieu carita leuwih ngagambarkeun kumaha kahirupan di karajaan Majapait.

Téma dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad nyaéta kajadian Perang Bubat. Nu ngabédakeunana, dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana, nu jadi palaku utamana nyaéta Gajah Mada, sedengkeun dina carita fiksi *Mendung di Langit Bubat*, palaku utamana Hayam Wuruk, sarua jeung transliterasi naskah *Kidung Sunda*. Dina transliterasi naskah *Serat Pararaton*, nu

jadi palaku utamana Gajah Mada, sedengkeun dina transliterasi naskah *Carita Parahyangan*, teu disebutkeun. Ukur disebutkeun yén kajadian Perang Bubat mangrupa kasalahan Dyah Pitaloka.

Palaku utama dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana nyaéta Gajah Mada jeung Dyah Pitaloka, sedengkeun Palaku utama dina carita fiksi *Mendung di Langit Bubat* mah Hayam Wuruk jeung Dyah Pitaloka. Ieu tilu palaku téh boga sasaruana peran dina carita. Hayam Wuruk salaku raja Majapait, Dyah Pitaloka salaku putri mahkota Sunda, jeung Gajah Mada salaku mahapatih Majapait. Nu ngabédakeunana nyaéta penggambaran tokoh ku pangarang. Hayam Wuruk versi PBAMP dicaritakeun jadi sosok raja nu kurang boga wibawa, teu ajeg pamadegan, jeung loba kasieun. Sedengkeun Hayam Wuruk versi MLB mah dicaritakeun jadi sosok raja nu wijaksana, nurut ka kolot, jeung tanggung jawab kana sagala nu aya atawa kajadian di wewengkon karajaannana. Dyah Pitaloka versi PBAMP digambarkeun jadi sosok putri mahkota nu *naif*, di hiji waktu manéhna jadi sosok putri mahkota nu ideal, tapi di hiji sisi manéhna ogé digambarkeun manghanjakalkeun nasib nu tumiba ka manéhna. Sedengkeun Dyah Pitaloka versi MLB digambarkeun jadi sosok nu cumentil, ngahalalkeun sagala cara sangkan nagara Sunda teu jadi nagara cangkingan Majapait. Gajah Mada versi PBAMP digambarkeun jadi mahapatih nu kurang kritis nalika nyanghareupan pasualan. Ieu hal ngabalukarkeun manéhna keuna ku masalah nu leuwih gedé. Salian ti éta Gajah Mada dina ieu carita digambarkeun jadi sosok nu sombong. Sedengkeun Gajah Mada versi MLB digambarkeun Gajah Mada salaku mahapatih Majapait nu satia ka karajaan. Tapi, nalika manéhna ngadéngé kabogohna, Dyah Pitaloka dipikahayang ku rajana, kasatiaan Gajah Mada sirna, manéhna ngalakukeun sagala cara sangkan Hayam Wuruk teu bisa nikah ka Dyah Pitaloka.

Galur dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad katingali loba bébédanana. Kajadian Perang Bubat dina novél *Perang Bubat* karya Aan

Ayu Sari Andini, 2021

**NOVÉL PERANG BUBAT KARYA AAN MERDEKA PERMANA DAN KUMPULAN CERITA PERANG BUBAT KARYA SRI WINTALA ACHMAD**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Merdeka Permana dicaritakeun lantaran rombongan Sunda nu diprovokasi ku prajurit jeung patih Majapait. Salian ti éta, dina ieu novél dicaritakeun yén kajadian Perang Bubat geus direncanakeun ku patih nu teu resep ka Gajah Mada. Sedengkeun dina *Mendung di Langit Bubat*, dicaritakeun yén kajadian Perang Bubat téh mangrupa tarékah Gajah Mada nu hayang ngagagalkeun jatukrami Dyah Pitaloka jeung Hayam Wuruk lantaran manéhna bogoheun ka Dyah Pitaloka.

Latar patempatan dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad méh sarua, nyaéta sabudeureun Sunda jeung Majapait. Sedengkeun latar waktu dina *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana dicaritakeun aya nu disebutkeun sacara umum, aya ogé nu disebutkeun sacara spésifik. Dicaritakeun Perang Bubat kajadian dina *Bagian terang bulan Badra taun Saka 1292*. Latar waktu carita *Mendung di Langit Bubat* aya waktu nu disebutkeun kalayan umum, aya ogé nu kalayan rinci. Dina ieu carita disebutkeun yén rombongan Sunda mangkat dina *Sukra Respati*. Latar waktu dina transliterasi naskah *Kidung Sunda* ngan disebutkeun dua latar waktu durasi, nyaéta genep poé jeung sapuluh poé. Anapon ngeunaan waktu lumangsungna Perang Bubat teu dicaritakeun. Latar waktu nu disebutkeun dina transliterasi naskah *Serat Pararaton* ngan hiji jeung spésifik, nyaéta waktu kajadian perang Bubat nu kajadian dina *saka sanga turangga paksawani, 1279*. Latar waktu nu disebutkeun dina transliterasi naskah *Carita Parahyangan* ogé ngan hiji jeung spésifik, nyaéta waktu kajadian perang Bubat nu kajadian dina taun 1357M. Latar sosial nu aya dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana nyaéta status sosial, agama/kapercayaan, adat-istiadat, jeung pakasaban. Sedengkeun dina carita *Mendung di Langit Bubat*, latar sosial nu kapaluruh nyaéta status sosial, agama/kapercayaan jeung tradisi. Anapon dina transliterasi naskah *Kidung Sunda* jeung *Serat Pararaton* latar sosial nu kapaluruh nyaéta status sosial. Sedengkeun dina transliterasi naskah *Carita Parahyangan*, latar sosial nu nyampak nyaéta adat-istiadat.

Ayu Sari Andini, 2021

**NOVÉL PERANG BUBAT KARYA AAN MERDEKA PERMANA DAN KUMPULAN CERITA PERANG BUBAT KARYA SRI WINTALA ACHMAD**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

## 1.2 Implikasi

Implikasi nu dipiharep nu panalungtik saréngsena ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngajembarkeun pangaweruh ngeunaan pasualan nu ditalungtik. Data hasil panalungtikan ngeunaan kajian struktural jeung sastra bandingan bisa ditalungtik deui kalawan teleb ka hareupna.
- b. Pikeun masarakat, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan hasanah sastra Sunda nu diulik, utamana ngeunaan novél sajarah *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana ogé ngeuyeuban informasi ngeunaan Perang Bubat dumasar kana literatur sumber sajarah ngeunaan Perang Bubat.
- c. Pikeun mahasiswa/pelajar, bisa jadi bahan référénsi ngeunaan ulikan struktural jeung sastra bandingan dina panalungtikan ka hareupna.

## 1.3 Rékoméndasi

Sabada panalungtikan ngeunaan novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita Perang Bubat karya Sri Wintala Achmad dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, dipiharep bisa ngeuyeuban deui perkara sumber-sumber paélmuan *digital* nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh, hususna dina perkara karya sastra Sunda.

Kadua, lembaga paélmuan dipiharep jadi wadah nu bisa ngahudangkeun karep dina maluruh jeung nalungtik élmu jeung karya sastra.

Katilu, hasil ieu panalungtikan téh masih aya kénéh kakurangan. Pikeun panalungtik ka hareupna, dipiharep bisa leuwih maham ngeunaan konsép jeung kritéria sastra bandingan. Sabada ngabandingkeun dipiharep lain saukur meunangkeun sasaruana jeung bébédaanana wungkul, tapi bisa katitén konsép pangwangun dina karya sastra boh éta fakta carita boh éta téma carita.